

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuhna, manusa pasti teu leupas tina kagiatan komunikasi. Nalika komunikasi lumangsung, manusa tangtu silih tukeur informasi ti saurang panyatur ka pamiarsa, anu ahirna bakal ngahasilkeun pesen atawa amanat. Pesen nu rék ditepikeun ti panyatur, can tangtu ditarima ku pamiarsa saluyu jeung maksud nu sabenerna upama dina prosésna aya kasalahan. Ari komunikasi téh saéstuna nyaéta prosés babagi (*sharing process*), babagi informasi, ide atawa sikep anu hasilna pikeun numuwuhkeun karempengan (*communes*) jeung jalma séjén. Hal ieu dumasar kana pamadegan Wilbur Schramm (dina Suprpto, 2009, kc. 4-5) nu museur kana ungkara yén komunikasi nu hadé téh nyaéta komunikasi nu bisa numuwuhkeun karempengan jeung kasaluyuan paham antara panyatur jeung pamiarsa nalika pamiarsa (*audience*) narima pesen anu luyu jeung naon-naon anu ditepikeun ku panyatur.

Komunikasi nu hadé tangtu lumangsung kalawan dirojong ku sababaraha hal, di antarana aya kontéks situasi. Kontéks situasi nurutkeun Halliday (dina Sudaryat, 2020, kc. 13), diwengku ku sababaraha aspék, nyaéta: 1) jejer bahan (*field*); 2) patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*); jeung 3) kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*). Tina tilu hal ieu, urang bisa maluruh yén hiji kontéks dina omongan pasti dirojong ku kontéks situasi.

Dina prak-prakanana, kontéks situasi makéna basa bisa lumangsung dina téks fiksi (sastra) jeung téks nonfiksi (lain sastra), lantaran dijeronan ngawengku caritaan. Salasahiji anu ngandung caritaan nyaéta pilem. Dumasar Undang-undang Republik Indonesia nomer 33 taun 2009 ngeunaan *Perfilman*, pilem nyaéta karya seni budaya minangka pranata sosial jeung média komunikasi massa nu dijieun dumasar kaédah sinématografi boh maké sora atawa tansora sarta bisa dipintonkeun.

Nurutkeun Miyarso (dina Purba & Lubis, 2022, kc. 4), pilem atawa sinema mangrupa salasahiji wangun téhnologi audio visual. Sawatara média atawa semiotic modes saperti audio, visual, jeung kinéstétik disebutna multimodal, (Kress & van Leeuwen, dina Sudaryat spk., 2022, kc. 10). O'Halloram, (dina Ilmiah spk., 2021,

kc. 166) nétélakeun yén multimodal mangrupa paradigma anyar dina studi wacana pikeun mikaweruh basa nu dipatalikeun jeung sumber daya séjén, saperti gambar, simbolisme, isarat, tindakan, musik, jeung sora.

Lian ti éta, Lotman, (dina Awaliah, 2022, kc. 1) nétélakeun yén pilem minangka téks artistik tur mibanda fungsi basa anu udaganana pikeun matukeurkeun pesen. Struktur pangwangun pilem minangka fungsi basa aya dua katégori nyaéta basa vérbal nu aya dina katégori tanda konvensional jeung imaji puitik mangrupa domain tanda ikonis Salvaggio, (dina Awaliah, 2022, kc. 2). Ku kituna, pilem minangka fungsi basa mibanda téks jeung kontéks budaya boh dina prosés ngama'naan atawa prakték-prakték panandaan (Awaliah, 2022, kc. 2).

Branigan, (dina Ahmadi, 2020, kc. 10), nétélakeun yén pilem mangrupa basa nu diwujudkeun dina wangun lian, saperti narasi basa nu digelarkeun dina wangun pilem. Dina pilem, ayana monolog nu digalantangkeun ku hiji tokoh, paguneman ti papada tokoh, atawa narasi ti saurang narator. Dumasar kamandang di luhur, basa mibanda peran penting dina nepikeun gagasan hiji pilem (Ahmadi, 2020, kc. 11).

Kontéks situasi dina hiji carita téh penting pisan pikeun diperhatikeun ku pamiarsa sangkan maham dina nangtukeun ma'na omongan jeung pamakéan basa tina caritaan nu dilalajoanna. Sabab, kontéks mangrupa unsur pangwangun tina hiji carita (Tania & Hermaliza, 2021, kc. 70). Ku kituna, pilem lain ukur pikeun sarana hiburan, tapi ogé loba hal nu bisa dicangking, boh tina segi budaya, ajén-inajén, moral, atawa basa nu digunakeun (Sari, spk., 2021, kc. 11).

Salasahiji pilem nu maké basa Sunda, nyaéta pilem nu judulna *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini. Ieu pilem mangrupa saduran tina BAB kahiji buku autobiografi nu digelarkeun ngagunakeun gaya novel judulna *Jais Darga Namaku* karya Ahda Imran. Pilem ieu disutradaraan ku Kamila Andini anu ngarangkap ogé salaku panulis skénario, tur ditarjamahkeun kana basa Sunda ku Tatang Sumarsono. Panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan transkripsi paguneman tina pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini.

Sacara rasional, lobana kontéks omongan dina paguneman pilem *Before, Now and Then (Nana)* anu satuluyna ditranskripsi ku panalungtik, jadi dadasar katajina panalungtik pikeun nganalisis dumasar kontéks situasina. Jaba ti éta, ieu pilem mibanda sababaraha préstasi, contona dina Festival Film Indonesia (2022). Pilem

ieu asup kana sawatara nominasi, di antarana *Penulis Skenario Adaptasi Terbaik, Pemeran Pendukung Perempuan Terbaik, Penata Busana Terbaik, Penata Rias Terbaik, Pemeran Utama Perempuan Terbaik, Sutradara Terbaik*, tur jadi pinunjul *Piala Citra* dina sawatara katégori, saperti *Cerita Panjang Terbaik, Penyunting Gambar Terbaik, Pengarah Artistik Terbaik, Penata Musik Terbaik, jeung Pengarah Sinematografi Terbaik*.

Panalungtikan saméméhna anu patali jeung kontéks situasi nyaéta, “*Analisis Konteks Wacana dan Konteks Situasi pada Buku “Bapak Tionghoa Indonesia” Karya Mn. Ibad dan Akhmadfikri Af*”, (Abdul Basith, 2018), anu ngadéskripsikeun fungsi kontéks wacana jeung kontéks situasina. Laju aya “*Analisis Konteks Situasi pada Teks Putusan Kasasi*” (Eni Sugiharyanti, 2019), anu ngaguar ngeunaan kontéks situasi dina téks Putusan Kasasi ngagunakeun téori Halliday.

Dina tataran panalungtikan basa Sunda, Indri Destiani (2022) nalungtik “*Kontéks Kawacanaan dina Naskah Drama “Mojang Dua Rébuan” karya Dadan Sutisna (Ulikan Pragmatik)*”, anu ngaguar ngeunaan kontéks situasi jeung kontéks wacana tina naskah drama basa Sunda.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna aya dina téori nu dipaké jeung sumber data atawa objék nu ditalungtikna. Ieu panalungtikan museur dina perkara kontéks situasi ngagunakeun téori Halliday nu ngawengku jejer bahan (*field*), patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*), jeung kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*). Ari panalungtikan nu dilaksanakeun ku Indri Destiani (2022) ngaguar kontéks situasi ngagunakeun téori Syafi’ie nu ngawengku kontéks fisik, kontéks épistémis, kontéks linguistik jeung kontéks sosial. Obyék panalungtikan nu digunakeun ogé tina hiji karya anu nyoko kana konsép *audiovisual* nyaéta pilem nu judulna *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini anu satuluyna ditranskripsi kana wangun tinulis. Ieu obyék saméméhna can kungsi aya nu nalungtik dina tataran kabasaan.

Diguarna kontéks situasi dina wangun *audiovisual* saperti pilem ieu mangrupa hiji hal anu anyar dina tataran panalungtikan basa Sunda, lantaran ilaharna panalungtikan saméméhna ngaguar kontéks situasi dina wangun karya tulis. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “*Kontéks Situasi Omongan dina Transkripsi Pilem Before, Now and Then (Nana) Karya Kamila Andini*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, kaidéntifikasi sacara gurat badag ayana sababaraha hal nu jadi pasualan. Salasahijina heureutna panalungtikan kabasaan anu ngagunakeun obyék tina pilem, hususna dina panalungtikan Basa Sunda. Upama ditilik tina widang sémiotik, ieu pilem mibanda pasualan ngeunaan tanda-tanda nu ditepikeun ngaliwatan aktor-jeung aktrisna, saperti tina isarah jeung pakakas nu digunakeun. Ditilik tina widang sintaksis, ieu pilem téh mibanda pasualan perkara tata kalimah anu digunakeun dina pagunemanana. Laju, upama ditilik tina widang pragmatik, ieu pilem téh mibanda pasualan perkara ma'na nu ditepikeunana.

Dumasar kana sawatara pasualan di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan ku ngaguar widang pragmatikna wungkul, anu nyoko kana kontéks situasina. Lantaran, kontéks penting pisan pikeun diperhatikeun sangkan maham kana ma'na omongan nu ditepikeun ku panyatur. Tina lobana kontéks omongan dina paguneman pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini, teu sakabéh pamiarsa nalika ngaregepkeun omongan merhatikeun kontéksna.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh mibanda rumusan masalah saperti ieu di handap.

- a. Kumaha jejer bahan (*field*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini?
- b. Kumaha patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini?
- c. Kumaha kamalir komunikasi nu dipaké (*mode*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh mibanda tujuan pikeun medar, maluruh, tur ngadéskripsikeun kontéks situasi anu aya dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus, panalungtikan ieu mibanda tujuan pikeun maluruh, medar, tur ngadéskripsikeun tilu perkara, nyaéta

- 1) jejer bahan (*field*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini;
- 2) patalina panyatur jeung pamiarsa (*tenor*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini; jeung
- 3) kamalir komunikasi anu dipaké (*mode*) dina transkripsi pilem *Before, Now and Then (Nana)* karya Kamila Andini.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Téoritis

Sacara Téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tur ngajembaran élmu kabasaan tina wangun audiovisual nu museur kana kontéks situasi omongan.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat, di antarana wae pikeun panalungtik, nu maca, guru, jeung siswa.

- 1) Pikeun panalungtik, hasil tina panalungtikan ieu bisa ngajembaran pangaweruh dina widang paélman, hususna widang kabasaan anu museur kana kontéks situasi.
- 2) Pikeun nu maca, hasil tina panalungtikan ieu bisa dijadikeun réfénsi keur panalungtik séjénna sangkan méré kaweruh ngeunaan élmu kabasaan anu museur kana kontéks situasi.
- 3) Pikeun guru, hasil tina panalungtikan ieu bisa dijadikeun bahan ajar pikeun maham paguneman atawa omongan dumasar kontéks situasina.
- 4) Pikeun siswa, hasil tina panalungtikan ieu bisa méré pangaweruh ngeunaan cara maham paguneman dumasar kontéks situasina.

1.6 Raraga Tulisan

Sistematika tulisan tina ieu panalungtikan téh ngawengku lima bab, anu diwincik saperti ieu.

Bab I Bubuka, eusina mangrupa kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar tiori-tiori ngeunaan kontéks situasi, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngajéntrékeun ngeunaan méthode panalungtikan, désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumen panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar perkara hasil analisis tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung saran tina hasil analisis sarta implikasi jeung rékoméndasi.